



# GID REZIDAN



*Dekouvri  
Palm Beaches ...  
Pi Bon nan Tout Bagay*

# ADRÈS BIWO KOLÈKTÈ TAKS AK EVALYATÈ PWOPRIYETE

Remak: Yo vann sunpasses yo tout kote.

## SÈVIS DISPONIB\*

 Pèmi Kondui	 Taks Biznis
 Anrejistreman Veyikil ak bato	 Lisans Lachas & Lapèch
 Tès Kondui sou wout	 Taks Devlopman Touris
 Sant Sèvis Egzanpsyon	 Anprent Dijital Materyèl Danjere
 Taks Pwopriyete	

### BELLE GLADE

Sant Sèvis Belle Glade

2976 State Road 15, Belle Glade 33430

Evalyatè Pwopriyete: 996-4890

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264



### DELRAY BEACH

Pèseptè Kontribisyon - Sant Sèvis Konte Sid

501 S. Congress Avenue, Delray Beach 33445

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

Evalyatè Pwopriyete - Sant Sèvis Konte Sid

14925 Cumberland Drive, Delray Beach 33446

Evalyatè Pwopriyete: 276-1250



### GREENACRES

Sant Sèvis Santral Palm Beach

4215 S. Military Trail, Lake Worth 33463

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264



### PALM BEACH GARDENS

Pèseptè Kontribisyon - Sant Sèvis Konte Nò

3185 PGA Boulevard, Palm Beach Gardens 33410

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

Evalyatè Pwopriyete - Sant Sèvis Konte Nò

3188 PGA Boulevard, Palm Beach Gardens 33410

Evalyatè Pwopriyete: 624-6521



### ROYAL PALM BEACH

Sant Sèvis Mid West Konte

200 Civic Center Way, Suite 200, Royal Palm Beach 33411

Evalyatè Pwopriyete: 784-1220



### WESTLAKE

Sant Sèvis Westlake

16440 Town Center Parkway South, Westlake 33470

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264



### WEST PALM BEACH

Robert Weisman Sant Gouvènmantal Konte Palm Beach

301 N. Olive Avenue, West Palm Beach 33401

Evalyatè Pwopriyete: 355-2866

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264



Pou plis enfòmasyon, vizite [pbcgov.com/papa](http://pbcgov.com/papa) ak [pbctax.com](http://pbctax.com).

\*Sèvis Pèseptè taks yo ofri nan lokal ki endike yo ka chanje nan nenpòt ki lè.

Remak: Eksepte kote sa endike, tout nimewo telefòn nan piblikasyon sa a twouve yo nan kòd rejyonal 561 an.

## TAB MATYÈ YO

ENTWODIKSYON .....	2
SALITASYON .....	2
GOUVÈNMAN .....	3
KOMISYON SOU ETIK .....	4
ENSPÈKTÈ JENERAL .....	4
<b>FÈ BIZNIS</b> .....	4
Lisans biznis .....	4
Pèmi Pakin pou Andikape .....	4
Pèmi kondui/Anrejistreman veyikil ak bato .....	4
Edikasyon .....	5
Swen Sante .....	5
Amenajman Peyizaje .....	5
Bèt Domestik .....	6
Transpò Piblik .....	7
Sekirite Sosyal .....	7
Taks .....	7
Ramasaj fatra/Resiklaj .....	8
Sèvis piblik/Telefòn/Kab Televizyon .....	8
Enskripsyon Elektè .....	8
<b>KONEKTE W</b> .....	8
AlertPBC .....	8
Zafè Konsomatè .....	9
Anplwa .....	9
Lwazi/Atraksyon Touristik .....	9
Bibliyotèk .....	9
Lanati/Sit Resif .....	9
Gid Sèvis Konte Palm Beach .....	9
Pak yo/Pisin yo/Plaj yo .....	10
Televizyon PBC Chèn 20 .....	10
Piblikasyon .....	10
Sèvis Pou Moun Aje ak Veteran .....	10
Opòtinite volontè .....	10
Sit Entènèt .....	10
<b>RESTRIKSYON DLO</b> .....	11
<b>SIKLÒN</b> .....	11
<b>NIMEWO TELEFÒN ITIL</b> .....	11
<b>LOPITAL</b> .....	12
<b>RESOUS POU AKSESIBILITE</b> .....	andedan dènye paj la

## ENTWODIKSYON

Kit ou nouvo nan konte Palm Beach oswa ou tap viv la depi plizyè lane, bwochi sa a ka ede ou ak defi ke wap rankontre chak jou tankou jwenn yon pèmi pakin pou andikape, pran klas lannwit oswa enskri pou vote.

Ou pral jwenn enfòmasyon pou ede ou konekte ak kominote ou tankou pak ki nan konte a, bibliyotèk yo ak enstalasyon akwatik ki nan tout konte Palm Beach la.

Bwochi sa a bay lis tout lopital nan konte Palm Beach la ki genyen chanm ijans 24 sou 24 ak tout bilding administratif gouvènman konte a.

Gid sa a ka ede ou fè biznis ou pi rapid, kidonk ou ka gen plis tan pou jwi tout sa ke konte Palm Beach la gen pou l ofri.



Konte Palm beach gen 76 kilomèt litoral lanmè pitorèsk.

## SALITASYON DE KONTE PALM BEACH

Konte Palm Beach gen yon bagay pou tout moun. Tanperati mwayèn li se 78 degre; 76 kilomèt litoral lanmè li yo gen anpil plaj piblik; epi chenn peyizaj li yo soti depi nan zòn ibèn yo jiska zòn agrikòl marekaj natirèl yo.

Nan Konte Palm Beach la, gen apeprè 160 teren gòlf piblik ak prive, dè santèn de teren tenis, plizyè douzèn pak, pak akwatik, waf pou bato, ak sit pou plonje, atraksyon kiltirèl ak istorik, bibliyotèk rejyonal, pwogram edikasyon pou granmoun, dè santèn de legliz, ak plizyè douzèn lekòl, kolèj ak inivèsite, lopital ak magazen/sant amizman.

Sèvis gouvènman Konte Palm Beach la gen ladan:

- lojman aksesib pou mendèv
- ayewopò
- swen ak kontwòl bèt
- zafè konsomatè
- ekstansyon koperativ
- ekonomi dirab
- jesyon ijans
- jeni
- jesyon resous anviwònman
- ponpye
- resous pou san zabri
- lapolis
- pwogram migran
- pak ak lwazi

- planifikasyon/repatisyon an zòn/bilding
- zòn natirèl pwoteje
- demand dosye piblik
- transpò piblik
- wout ak pon
- sèvis pou granmoun aje
- drenaj dlo lapli
- devlopman touristik
- sèvis pou veteran
- sèvis viktim
- ramasaj fatra
- sèvis piblik dlo ak tou rego
- sèvis pou lajenès ak fanmi

Konte Palm Beach la jewografikman nan mitan pi gwo pami 67 konte nan Florid la epi li pi gwo pase eta Rhode Island. Konte a limite pa Lake Okeechobee, Everglades ak Oseyan Atlantik, yo tout ofri opòtinite lwazi nan bèl anviwònman natirèl. Pi gwo endistri yo ki nan konte Palm Beach la gen ladan touris, agrikilti ak konstriksyon.

Gen apeprè 1.5 milyon moun ki abite nan konte Palm Beach. Mòd de vi rezidan yo varye soti nan zòn ibèn jiska zòn riral yo, ak zòn ki pi peple nan ès la.

Anpil minisipalite bay rezidan yo sèvis tankou dlo, ramasaj fatra, lapolis ak ponpye. Nan kèk kominote ak zòn ki pa enkòpore yo, sèvis sa yo ka bay pa gouvènman konte a. Pou konnen si yon adrès pwopriyete se nan yon zòn ki enkòpore oswa ki pa enkòpore, vizite [pbcgov.com/districtlocator](http://pbcgov.com/districtlocator) oswa rele Divizyon Planifikasyon Konte Palm Beach nan 233-5300.

## GOUVÈNMAN

Konstitisyon konte Palm Beach la antre an vigè Nan lane 1985. Vre règ kay la (True Home Rule) bay Konsèy Komisyonè Konte a (BCC) kapasite pou l kreye, atravè yon pwosedi òdonans odyans piblik lokal, lwa lokal ki pa an konfli oubyen espesifikman entèdi pa lalwa jeneral eta a oubyen konstitisyon leta a. Pwosesis sa a fèt san yo pa ale nan Lejislati Florid pou mande lejislasyon espesyal.

Sèt manb BBC yo konstitiye kò lejislatif gouvènman konte Palm Beach la. Komisyonè yo eli pou kat ane pa elektè nan distri kote yap viv la epi yo kapab sèvi pandan de manda sèlman. BCC a chwazi yon Majistra ak vis majistra chak ane.



Biwo administratif santral la chita nan 301 N. Olive Ave., West Palm Beach.

BCC a reyini nan Chanm Memoryal Jane M. Thompson yo nan sizyèm etaj Robert Weisman Palm Beach County Governmental Center, 301 N. Olive Avenue, West Palm Beach 33401. Reyinyon ak atelye BCC yo fèt nan madi maten yo nan 9:30 a.m. Reyinyon yo televize pa kab sou chèn televizyon gouvènman konte a PBC TV chèn 20, epi yo difize an dirèk tou sou [pbcgov.com/CH20](http://pbcgov.com/CH20) ak

rezon sosyal yo. Pou kalandriye reyinyon yo, ale sou [pbcgov.com](http://pbcgov.com).

Piblik la ka ofri komantè a konsèy la lè gen "kesyon piblik la" ki dewoule jeneralman nan apremidi. Nan moman sa rezidan yo ka adrese yo ak konsèy la sou tout kesyon ki gen rapò ak konpetans li. Tout moun ki swete pran lapawòl dwe ranpli yon fich de konsiltasyon piblik. Vizite sit [pbcgov.com](http://pbcgov.com) pou plis enfòmasyon, oswa rele 355-3229.

## KOMISYON SOU ETIK

Misyon Komisyon sou Etik la (COE) se pou ankouraje entegrite nan sèvis piblik yo, pou ankouraje konfyans piblik la, epitou pou anpeche konfli ant enterè prive ak devwa piblik yo. Jiridiksyon li etann sou tout anplwaye ak fonksyonè konte a e minisipal yo ki eli e nome, plis manm Konsèy konsiltatif konte yo tou. COE a analize, entèprete, bay opinyon konsèy epi ranfòse kòd etik konte Palm Beach la, enskripsyon lobyis ak òdonans pòs-travay. Pou pote yon plent, rele liy dirèk etik la nan 355-1915 (oswa 877-766-5920) oswa itilize Fòm sou Plent Etik sou entènèt la.

Vizite [palmbeachcountyethics.com/contact\\_us.htm](http://palmbeachcountyethics.com/contact_us.htm) pou plis enfòmasyon.

## BIWO ENSPEKTÈ JENERAL

Biwo Enspektè Jeneral la (OIG) te kreye sou òdonans konte a pou ankouraje ekonomi, efikasite ak efektivite nan pwogram kontaj ak operasyon konte yo epi pou anpeche ak detekte fwod e abi. Jiridiksyon OIG a etann li sou tout minisipalite nan konte a. Si ou gen rezon pou sispekte fwod piblik, fatra, move jesyon oswa movèz kondwit, rele liy dirèk la nan 877-283-7068. Ou ka rapòte tou fatra, fwod oswa abi sou entènèt nan [pbcgov.com/oig/rwfa.htm](http://pbcgov.com/oig/rwfa.htm) oswa atravè imel nan [inspector@pbcgov.org](mailto:inspector@pbcgov.org). Pou plis enfòmasyon, vizite [pbcgov.com/oig](http://pbcgov.com/oig).

## FÈ BIZNIS

Enfòmasyon anba yo ap pèmèt ou fè yon biznis rapidman.

### Lisans Biznis

Nan Konte Palm Beach, yon lisans komèsyal fè referans ak yon resi taks komès lokal. Pou jwenn enfòmasyon, kontakte Biwo pèseptè taks la nan 355-2264 oswa ale sou [pbctax.com](http://pbctax.com).

### Pèmi Pakin Pou Andikape

Pou enfòmasyon sou pèmi pakin enfim yo, kontakte Biwo Pèseptè kontribisyon an nan 355-2264 oswa vizite [pbctax.com](http://pbctax.com).

### Pèmi Kondui/Anrejistreman Veyikil ak Bato

Ou kapab jwenn yon lisans pou kondwi nan Florid nan Depatman sekirite ak otomobil otowout nan Florid (DHSMV) oswa nan Biwo Pèseptè taks konte Palm Beach la. Pou fè yon rezèvasyon DHSMV oswa pou konnen lè biwo a fonksyone ak kote li ye, rele 850-617-3000 oswa ale sou [flhsmv.gov](http://flhsmv.gov).

Lwa federal REAL ID a etabli nouvo egzijans idantifikasyon pou jwenn yon pèmi kondui oswa kat idantifikasyon. Si lisans ou a gen yon etwal an lò nan kwen anwo a dwat, ou konfòm. Homeland

Security egzije tout moun pou yo gen yon REAL ID jiska 7 me 2025 pou yo ka anba nan yon vòl lokal. Pou w jwenn yon REAL ID, ou dwe vizite yon Biwo Pèseptè Taks epi konplete pwosesis la an pèsòn. Pou plis enfòmasyon ak pou pran yon randevou, vizite [pbctax.com/driver-license/real-id](http://pbctax.com/driver-license/real-id).

Pou enfòmasyon sou pèmi kondui epi anrejistreman e tit machin ak bato, kontakte Biwo Pèseptè taks la nan 355-2264 oswa vizite [pbctax.com](http://pbctax.com).

## Edikasyon

Distri Lekòl Konte Palm lan gen ladan lekòl elemantè, pre-segondè, segondè, ak altènatif ki ofri akademi karyè pou lekòl segondè ak pre-akademi pou pre-segondè. Genyen tou pwogram edikasyon pou elèv eksepsyonèl (ESE) pou elèv andikape ak elèv ki gen don ak Anglè pou moun ki pale lòt lang (ESOL).

Pou enfòmasyon sou lekòl yo nan zòn ou, rele 434-8000 oswa vizite [palmbeachschools.org](http://palmbeachschools.org).

Pou enfòmasyon sou vaksinasyon ki nesèsè yo ak ki kote pou jwenn yo, rele Pwogram Vaksinasyon Konte Palm Beach Depatman Sante Florid la nan 840-4568 oswa vizite [pbchd.com](http://pbchd.com). Pou pran yon randevou pou vaksinasyon, rele Liy Randevou Konte Palm Beach Depatman Sante Florid la nan 625-5180.

Pou jwenn yon lis lekòl prive oswa pou enfòmasyon sou lekòl a domisil, rele Biwo Edikasyon Endepandan ak chwa parantal nan ministè edikasyon Florid la nan 800-447-1636 oswa vizite [floridaschoolchoice.org](http://floridaschoolchoice.org).

Pou jwenn sant Head Start ki pi pre a, rele LSF children ak Head Start Services nan 233-1600, oswa vizite [lsfnet.org/children-families/head-start/palmbeach](http://lsfnet.org/children-families/head-start/palmbeach).

Yo ofri tou edikasyon pou granmoun nan lekòl piblik yo. Pou lis ki pi resan an, rele Depatman Edikasyon pou Granmoun ak Kominote nan 649-6010. Ou ka vizite [pbclearn.org](http://pbclearn.org) (pou klas plezi ak lwazi), [gedyes.com](http://gedyes.com) (pou jwenn yon diplòm ekivalans etid segondè), [aprendepbc.com](http://aprendepbc.com) (klas pou moun ki pale Panyòl), oswa [esolpbc.com](http://esolpbc.com) (klas Anglè pou granmoun).

Konte Palm Beach gen yon kantite kolèj ak inivèsite tankou:

- Barry University
- Everglades University
- Florida Atlantic University
- Keiser University
- Lynn University
- Nova Southeastern University
- Palm Beach Atlantic University
- Palm Beach State College
- South University
- Strayer University

## Swen Sante

Distri Swen Sante Konte Palm Beach la ede rezidan ki gen fèb revni yo jwenn kouvèti asirans sante. Pou enfòmasyon, rele 659-1270 (gratis 866-930-0035) oswa vizite [hcdpbc.org](http://hcdpbc.org).

## Amenajman Peyizaje

Konte a ka ede avèk plizyè kalite pwoblèm amenajman peyizaje. Pèmi Pwopriyete Klè ..... 233-2400  
(Jesyon Resous Anviwònmanal)

Vyolasyon Kòd Peyizaj .....	233-5500
<b>(Ranfòsman Kòd)</b>	
Seksyon Peyizaj (pwoblèm/kesyon) .....	233-5037
<b>(Dekoupa Teritwa)</b>	
Òtikilti Rezidansyèl .....	233-1750
<b>(Ekstansyon Koperatif)</b>	

Pou jwenn konsèy sou fason pou konsève dlo lè w ap itilize teknik jaden espesyal epi chwazi plant ki apwopriye, rele sèvis asistans telefonik Master Gardener nan 233-1750.

## Bèt Domestik

Chen ak chat ki gen 4 mwa ou plis dwe gen yon etikèt lisans kont raj chak ane ki achte pa entèmedyè Swen ak Kontwòl Bèt (ACC), veterinè lokal yo, oswa nan [petdata.com](http://petdata.com). Tag yo kapab renouvle nan ACC oswa nan [petdata.com](http://petdata.com). Rele 800-738-3463 pou enfòmasyon oswa vizite [pbcgov.com/animal](http://pbcgov.com/animal). Rezidan ki sou asistans piblik yo ka jwenn vaksinasyon gratis kont raj ak etikèt pou bèt ki esterilize yo.



Abri bèt prensipal pou Konte Palm Beach la a chita nan 7100 Belvedere Road, West Palm Beach.

Lè y ap achte yon etikèt pou yon chen ki pa esterilize oswa chat ras Asosyasyon Ameriken Amatè Chat (American Cat Fanciers Association), Pwopriyete a dakò ke bèt la pa pral itilize pou elvaj san pèmi pou repwodiksyon ke l dwe genyen pou fè sa. Nenpòt pwopriyete bèt domestik ki elve bèt yo oblije achte yon pèmi repwodiksyon nan ACC. Pou enfòmasyon sou pèmi, rele 233-1200.

Tout chat yo dwe esterilize nan Konte Palm Beach la a pati laj 4 mwa. Eksepsyon yo se pou chat ras ki te anrejistre nan Asosiyasyon Ameriken Amatè Chat, e si pwopriyete a gen nan men l yon pèmi de repwodiksyon ki delivre pa Swen ak Kontwòl Bèt.

Konte a ofri sèvis chatte/esterilizasyon ki pa koute chè e/ou gratis. Esterilizasyon bon mache oswa gratis disponib pou chat sovaj yo nan kad pwogram komite Cat Spay/Neuter. Rezidan sou asistans piblik ka jwenn esterilizasyon pou bèt domestik gratis. Pou enfòmasyon, rele 233-1261 oswa vizite [pbcgov.com/animal](http://pbcgov.com/animal).

Swen ak Kontwòl Bèt ofri tou vaksen kont raj ki pa koute chè, pis elektwonik, ak pakè vaksen chak ane pou chen ak chat. Tanpri vizite sit entènèt la pou pri ak detay.

Swen Ak kontwòl Bèt gen yon varyete de bèt domestik ki disponib pou adopsyon. Tout chen ak chat ki adopte yo esterilize, pran vaksen e gen pis elektwonik. Tounen yon paran adoptif ede bèt ki an sante yo jwenn adopsyon. Pou enfòmasyon, rele 233-1200 oswa vizite [pbcgov.com/snap](http://pbcgov.com/snap) pou wè imaj yo.

Si ou pèdi yon bèt domestik osinon si ou jwenn youn ki te pèdi ou kapab ale sou [pbcgov.com/snap](http://pbcgov.com/snap). Sit sa pèmèt yon moun ki pèdi yon zannimo domestik pou li ranpli yon fòmilè an liy ki la pou sa e pwofite poste yon foto zannimo a ki pèdi a. Abitan ki jwenn yon chyen oubyen yon chat dwe rapòte sa nan ranpli yon fòmilè an liy. Pou plis enfòmasyon oubyen èd, tanpri rele nan 233-1282.

Maltrete bèt se yon krim. Tanpri rapòte nou ka neglijan ak maltretans sou bèt yo nan 233-1200, ekst. 0. Ou kapab bay Crimestoppers yon apèl anonim pou rapòte ka maltretans

nan 800-458-TIPS oubyen ou kapab soumèt yon fòmilè an liy sou [secure.co.palm-beach.fl.us/PSD.ACC.AnimalCruelty](http://secure.co.palm-beach.fl.us/PSD.ACC.AnimalCruelty).

Sant akèy prensipal la chita kò li nan 7100 Belvedere Road, West Palm Beach 33411. The West County facility chita kò li nan 3615 State Road 715, Pahokee 33476 (924-5657). The West County facility gen jou espesyal li ouvè kote yo bay sèvis chatte bèt. Tanpri rele anvan ou pase wè nou, oubyen ale sou sit entènèt nou an, [pbcgov.com/animal](http://pbcgov.com/animal) pou ka konnen lè nou fonksyone.

## Transpò Piblik

Palm Tran bay sèvis transpò bis ki gen trajè fiks nan Konte Palm Beach. Pou enfòmasyon sou trajè yo rele nan 841-4BUS (4287) oubyen rele gratis nan 877-930-4287. Wap jwenn enfòmasyon tou sou sit entènèt nou an [palmtran.org](http://palmtran.org) oubyen nan nenpòt bibliyotèk nan Konte a. Pou enfòmasyon sou Palm Tran CONNECTION (sèvis transpò ki adapte pou granmoun ak pou ak andikapè), rele nan 649-9838 oubyen rele gratis nan 877-870-9849.



Bis yo enkli enstalasyon pou bisiklèt epi ka akomode chèz woulant.

Tri-Rail bay sèvis tren nan 3 Konte: Miami Dade, Broward ak Palm Beach epi bay aksè dirèk nan Ayewopò Entènasyonal Miami. Pou kapab jwenn enfòmasyon rele nan 800-TRI-RAIL (800-874-7245) oubyen ale sou [tri-rail.com](http://tri-rail.com).

Amtrak gen estasyon tren nan West Palm Beach ak Delray Beach. Pou enfòmasyon rele nan 800-USA-RAIL (872-7245) oubyen ale sou [amtrak.com](http://amtrak.com).

Brightline se yon sèvis tren prive ki opere soti Miami rive Orlando, avèk arè entèmedyè ki gen ladan West Palm Beach. Pou enfòmasyon ale sou [gobrightline.com](http://gobrightline.com).

Ayewopò Entènasyonal Palm Beach (PBI) nan West Palm Beach sèvi liy ayeryen komèsyal ak avyon avyasyon jeneral. Konte a opere tou twa lòt ayewopò avyasyon jeneral ki pi piti ki sitiye nan Lantana, Pahokee ak Palm Beach Gardens kip a sèvis liy ayeryen komèsyal yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou [pbia.org](http://pbia.org).

## Sekirite sosyal

Pou enfòmasyon, rele nan 800-772-1213 oswa ale sou [ssa.gov](http://ssa.gov).

## Taks

Propriyete yo peye yon taks konte sou estimasyon pri byen yo posede a. Pou plis enfòmasyon rele Pèseptè Kontribisyon nan 355-2264 oswa Evalyatè Pwopriyete nan 355-3230, oswa vizite [pbctax.com](http://pbctax.com) ak [pbcgov.com/papa](http://pbcgov.com/papa), respektivman.

Si ou se propriyete kay nan Florida e kay ou a se prensipal kote ou rete ou kapab dispansè de enpo ou te gen pou peye sou kay sa. Kèk moun ki avanse nan laj kapab benefisye lòt kalite dispans tou. Genyen tou dispans pou moun mari yo oubyen madanm yo mouri ak moun ki gen andikap. Ka sa yo trete nan biwo ekspè imobilye yo ki loje nan batiman administratif ki nan konte an. (W ap jwenn lis biwo sa yo anndan paj kouvèti bwochi sa.) Anplis enpo konte a, propriyete yo kapab gen pou

peye lòt enpo tou minisipalite yo ak/oswa plizyè distri fiskal espesyal enpoze. Si w ap lwe kay ou a, apatman w lan, kay mobil ou an oubyen RV w lan pou si mwa ou mwens, gen yon sis pousan (6%) enpo devlopman touristik pou al peye nan biwo kolektè enpo a. Pou enfòmasyon rele nan 355-3547 oubyen ale sou [pbctax.com/tourist-development-tax](http://pbctax.com/tourist-development-tax).

## Ranmasse Fatra/Resiklaj

Si w ap viv nan yon minisipalite rele meri a pou enfòmasyon. Si w ap viv nan yon zòn ki pa fè pati okenn minisipalite rele Solid Waste Authority nan 697-2700 (Boca Raton, Delray Beach ak the Glades: 866-792-4636). Si w pa konnen si w ap viv nan yon zòn ki pa fè pati okenn minisipalite rele Planning Division nan nan 233-5300, oubyen ale sou sit entènèt konte a [pbcgov.com/districtlocator](http://pbcgov.com/districtlocator). Pou enfòmasyon sou kijan pou jwenn sak pou bèl yo resikle gratis rele nan 866-NEW-BINS oubyen plase kòmman yo an liy sou [swa.org](http://swa.org).

## Sèvis Piblik/Telefòn/TV a kab

Kouran nan prèske tout Konte Palm Beach se Florida Power & Light ki pwodwi li (697-8000). Nan Lake Worth, se Lake Worth Utilities ki pwodwi kouran (533-7300). Gen plizyè minisipalite, plizyè sèvis endepandan, the Palm Beach County Water Utilities Department ([pbcgov.com/waterutilities](http://pbcgov.com/waterutilities), 740-4600) ki founi dlo potab, oubyen ou kapab gen pi pa w.

Akòz demann, gen yon kòd rejyonal anplis nan konte a. Kòd rejyonal 728 pral asiyen pou nouvo liy telefòn yo. Kòd rejyonal 561 an p chanje pou kliyan aktyèl yo. Tout moun dwe konpoze yon nimewo ki gen 10 chif pou yo ka fè apèl.

Youn nan prensipal founisè sèvis televizyon a kab se Xfinity (800-COMCAST or 800-266-2278). Kèk kominote kapab jwenn sèvis kab la nan men lòt founisè.

## Enskripsyon elektè

Pou enskri pou vote rele sipèvizè biwo eleksyon yo nan 656-6200 (Boca Raton, Delray Beach ak the Glades rele 866-868-3321) oubyen ale ou [pbcelections.org](http://pbcelections.org). Rezidan Florid yo ki se sitwayen Ameriken epi ki gen omwen 18 ane kapab enskri sou entènèt, an pèsòn oswa pa lapòs. Ale sou [pbcelections.org](http://pbcelections.org) pou enfòmasyon sou kote pou vote, vote pa lapòs ak kilè ak kibò pou vòt alavans yo.

## KONEKTE W

Apri ou fin okipe w de biznis ou, ta ka vle konnen plis a pwopo kominote ou a. Paj Stay Connected konte a, [pbcgov.com/stayconnected](http://pbcgov.com/stayconnected), gen dènye nouvèl yo, evenman ak mizajou rezo sosyal yo sou konte a ak responsab yo.

## AlertPBC

Resewwa alè sou ijans ak lòt nouvèl kominotè enpòtan lè w enskri pou Pwogram Alèt Ijans nou an. Sistèm nan pèmèt nou ba w enfòmasyon enpòtan byen vit nan yon seri sityasyon, tankou move tan, fèmti wout sanzatann, moun ki disparèt ak evakyasyon bilding oswa katye. Ale sou [AlertPBC.com](http://AlertPBC.com) pou enskri jodi a.

## Zafè Konsomatè

Depatman afè konsomatè asiste rezidan ak vizitè yo ak konsèy epi enfòmasyon sou move Pratik delwayal, mele ak foub nan zafè biznis ak propriyete e bay tou enfòmasyon sou twonpri. Se depatman an ki regilarize taksi, taksi-bato, limouzin ak antrepriz demenajman ak konpayi remòkaj machin. Depatman zafè konsomatè founi tou badj IDD pou èd swayan a domsil ak divètisman pou granmou. Pou plis enfòmasyon ale sou [pbcgov.com/consumer](http://pbcgov.com/consumer) oubyen rele nan 712-6600 (888-852-7362).

## Anplwa

Si w enterese ak anplwa nan Konte Palm Beach, ale sou paj akèy konte a [pbcgov.jobs](http://pbcgov.jobs). Pou lis prensipal anplwayè nan konte a rele CareerSource Palm Beach County nan 340-1060 (West Palm Beach) oubyen 829-2040 (Belle Glade), oubyen ale sou [careersourcepbc.com](http://careersourcepbc.com).

## Lwazi/Atraksyon Touristik

Pou jwenn yon lis bagay pou fè ak kote pou w vizite, ale sou [pbcgov.com](http://pbcgov.com), epi klike sou Bagay pou Fè oswa ale sou sitwèb Discover the Palm Beaches Florida nan [thepalmbeaches.com](http://thepalmbeaches.com). Pou enfòmasyon sou aktivite atistik ak evènman kiltirèl, ale sou sitwèb Konsèy Kiltirèl la nan [palmbeachculture.com](http://palmbeachculture.com).



Mize Morikami ak Japonè Gardens nan Delray Beach gen evènman espesyal ak festival.

Mize Istori Richard ak Pat Johnson Konte Palm Beach la (ki sitiye nan tribinal istori la nan 300 North Dixie Highway, West Palm Beach) gratis epi ouvé a piblik la. Pou plis enfòmasyon oswa pou pran yon randevou pou vizite, ale nan [pbchistory.org](http://pbchistory.org), oswa rele Sosyete Istori Konte Palm Beach la nan 832-4164.

## Bibliyotèk

Pou jwenn sikisal bibliyotèk konte ki pi pre w la, ale sou sit entènèt [pbclibrary.org](http://pbclibrary.org) oubyen rele nan 233-2600 (Boca Raton, Delray Beach ak the Glades: 888-780-4962). Ta dwe genyen tou yon bibliyotèk minisipal nan kominote w la.

## Lanati/Sit Resif

Pou enfòmasyon sou espas natirèl konte a ak resif yo rele Palm Beach County Environmental Resources Management nan 233-2400, oubyen ale sou [pbcgov.com/erm](http://pbcgov.com/erm). Konte a ap jere twa sant natirèl: Okeehelée, Green Cay ak Daggerwing. Pou konn anplasan yo rele nan 966-6600 oubyen ale sou [pbcgov.com/parks](http://pbcgov.com/parks). Genyen tou zòn marekaj ki gen totwa an bwa ki wo ak tonnèl. Wakodahatchee ([pbcgov.com/waterutilities](http://pbcgov.com/waterutilities)) lokalize l nan Delray Beach epi Green Cay ([pbcgov.com/parks](http://pbcgov.com/parks)) lokalize l nan Boynton Beach. Pou avanti ekolojik nan tout zòn nan konte a ale sou sit entènèt Florida Discover the Palm Beaches la [thepalmbeaches.com](http://thepalmbeaches.com).

## Gid Sèvis Konte Palm Beach

Pou resewwa yon egzanplè repètwa sèvis nou yo gratis ki gen

ladann nimewo telefòn, deskripsyon sèvis yo ak sit entènèt yo rele Zafè Piblik nan 355-2754. Gid sa disponib tou sou sit entènèt konte a [pbcgov.com/publications](http://pbcgov.com/publications).

## Pak yo/Pisin yo/Plaj yo

Pou kapab gen lis ak kat tout plas piblik konte a rele Parks & Recreation nan 966-6600 oubyen ale sou [pbcgov.com/parks](http://pbcgov.com/parks).

Konte Palm Beach jere yon pakèt pwopriyete pak ki gen ladan pisin, plaj, pak dlo, splashparks, sant lwazi, teren tenis ak pickleball, zòn jwèt ki pa gen obstak, anfitayat, pak pou chen ak teren kanping. Depatman Pak and Rekreyasyon an ofri kan dete tou.



Westgate Splashpark nan West Palm Beach, se youn nan teren jwèt entèaktif konte a.

## Televizyon PBC Chèn 20

Gouvènman Konte Palm Beach la gen pwòp chèn televizyon a kab li. PBC TV Chèn 20 bay pwogram edikatif ak pwogram administrasyon an ak reyinyon manm konsèy nan tèt konte a, kominike ak pwogram ki reyalize nan kominote a. Pou gen aksè ak orè a anliy ale sou [pbcgov.com/CH20](http://pbcgov.com/CH20).

Pou resevwa orè a sou fòm nimerik, voye yon imèl bay [pbctv@pbcgov.org](mailto:pbctv@pbcgov.org). Ou ka resevwa orè a tou pa kourye si w rele nan 355-4573.

## Piblikasyon

Pou kapab wè piblikasyon Palm Beach Konte yo anliy, ale sou [pbcgov.com/publications](http://pbcgov.com/publications).

## Sèvis Pou Moun Aje ak Veteran

Genyen twa sant pou moun aje ke Divizyon Sèvis pou Moun Aje Konte a jere : North County (Palm Beach Gardens, 694-5435), West County (Belle Glade, 996-4808), ak Mid County (Lake Worth, 357-7100). Sant yo ouvè lasemèn soti 8 a.m. pou 5 p.m. Ou pa bezwen manm ni peye anyen. Pou plis enfòmasyon, rele 355-4746 oswa [pbcgov.com/SeniorCenters](http://pbcgov.com/SeniorCenters).

## Opòtinite Volontè

Gen divès kalite travay pou volontè yo nan Konte Palm Beach tankou travay ak granmoun aje yo, timoun yo, bèt oubyen lanati. Pou plis enfòmasyon ale sou sit entènèt [pbcgov.com/volunteer](http://pbcgov.com/volunteer).

## Sit Entènèt

Ale sou paj akèy sit entènèt konte a [pbcgov.com](http://pbcgov.com) pou gen enfòmasyon sou sèvis nou ofri yo, evenman nou yo, sit touristik, sèvis anliy ak nouvèl. Klike sou Stay Connected pou abone ak *Count-e-News*, konekte ak paj ofisyèl konte a sou rezo sosyal yo oubyen telechaje aplikasyon.

## RESTRIKSYON DLO

Prensipal sous dlo potab South Florida se dlo ki ale chita kò yo anba tè a ki dlo lapli renouvle a chak fwa. Kantite lapli ki tonbe a kapab varye de yon ane a yon lòt, e mwens lapli vle di ke gen mwens dlo ki ale chita kò yo anba tè a. Se poutèt sa, pandan kondisyon sechrès, li trè enpòtan pou konsève dlo, epi swiv restriksyon itilizasyon-dlo. Distri Jesyon Dlo Sid Florid la sipèvize resous dlo yo nan pati sid eta a.

Pou plis enfòmasyon ale sou [sfwmd.gov](http://sfwmd.gov) oubyen rele nan 800-432-2045. Pou konsèy sou fason pou konsève dlo rele Division of Family & Consumer Sciences nan 233-1742.

## SIKLÒN

Sezon siklòn nan atlantik la kòmanse 1ye jen pou rive 30 novanm. Pou enfòmasyon sou siklòn ale sou [readyabc.com](http://readyabc.com) oswa rele Depatman Sekirite Piblik (Department of Public Safety) nan 712-6400. Pou telechaje PBC DART, aplikasyon ofisyèl sou sansibilizasyon ak rekiperasyon apre katastwòf la, sou telefòn ou, ale sou Apple App Store oswa Google Play Store.

## NIMEWO TELEFÒN ITIL

**Nòt:** Sof kote sa endike, tout nimewo telefòn nan piblikasyon sa twouve yo nan kòd rejyonal 561.

### Ijans

Nimewo ijans (apèl oubyen mesaj) .....	911
Sant Aksyon Jeni .....	684-4012
FPL blakawout .....	697-8000
Sant kontwòl pwazon .....	800-222-1222
Ed pou moun aje/nimewo pou kriz .....	211
	(866-882-2991 or 383-1112)
Sèvis pou viktim 24 sou 24 .....	866-891-7273
Sèvis dlo ijans 24 sou 24 .....	740-4600, #1

### Lòt

Pwogram devlopman pou jèn 4-H .....	233-1731
Sèvis swen ak kontwòl bèt .....	233-1200
	Konte Sid: 276-1344
	Konte Lwès: 924-5657
Kwa Wouj Ameriken .....	833-7711
CareerSource Palm Beach County .....	340-1060
Grefye Tribinal Sikwi ak kontwòlè .....	355-2996
Kòd Ranfòsman .....	233-5500
Sèvis kominotè .....	355-4792
Zafè konsomatè (konte) .....	712-6600
Asistans pou konsomatè (Florid) .....	800-435-7352
Ekstansyon koperativ .....	233-1700
Sant Enfòmasyon Ijans .....	712-6400
Jeni ak travo piblik .....	684-4000
Opòtinite Egal pou Biznis .....	616-6840
FEMA .....	800-621-3362
Ponpye (pa ijans) .....	616-7000
Liy èd konsomatè asirans (Florid) .....	877-693-5236

Head Start/Early Head Start .....	233-1600
Distri Swen Sante Konte Palm Beach .....	642-1000
Depatman lasante .....	840-4500
Kowalisyon Sanzabri Konte Palm Beach .....	355-4663
Sistèm Bibliyotèk (Konte Palm Beach, Bibliyotèk Prensipal) .....	233-2600
Sèvis kontwòl moustik .....	967-6480
Bank Alimantè Konte Palm Beach .....	670-2518
Ayewopò Entènasyonal Palm Beach .....	471-7459
Palm Tran .....	841-4200
Twou, Wout, Drenaj, Reparasyon Twotwa .....	684-4012
Liy dirèk pri eksèsif (Florid) .....	866-966-7226
Depatman Zafè Piblik (konte) .....	355-2754
Salvation Army .....	686-3530
Distri Lekòl Konte Palm Beach la .....	434-8000
Sèvis pou Moun aje ak Veteran (konte) .....	355-4746
Cherif (ki pa ijans) .....	688-3000
Otorite Jesyon Fatra .....	640-4000
Jesyon Dlo Distri Sid Florid .....	686-8800
Kan Ete (PaK ak Rekreyasyon) .....	966-7054
Sipèvizè Eleksyon .....	656-6200
Pèseptè Taks .....	355-2264
Enfòmasyon sou Trafik ak Wout .....	511
Move Fonksyonman Siyal Trafik .....	683-6885
Senkwonizasyon Siyal Trafik ak Reparasyon Lanpadè .....	684-4030
United Way nan Konte Palm Beach .....	375-6600
Depatman Zafè Veteran (federal) .....	800-827-1000
Sèvis Adolesan .....	242-5700

## LOPITAL

<b>Bethesda Hospital East</b> .....	737-7733
2815 S. Seacrest Boulevard, Boynton Beach	
<b>Bethesda Hospital West</b> .....	336-7000
9655 W. Boynton Beach Boulevard, Boynton Beach	
<b>Boca Raton Regional Hospital</b> .....	955-7100
800 Meadows Road, Boca Raton	
<b>Delray Medical Center</b> .....	498-4440
5352 Linton Boulevard, Delray Beach	
<b>Good Samaritan Medical Center</b> .....	655-5511
1309 N. Flagler Drive, West Palm Beach	
<b>HCA Florida Boynton Emergency</b> .....	548-8250
10921 S. Jog Road, Boynton Beach	
<b>HCA Florida JFK Hospital</b> .....	965-7300
5301 S. Congress Avenue, Atlantis	
<b>HCA Florida JFK North Hospital</b> .....	842-6141
2201 45th Street, West Palm Beach	
<b>Jupiter Medical Center</b> .....	263-2234
1210 S. Old Dixie Highway, Jupiter	
<b>Lakeside Medical Center</b> .....	996-6571
39200 Hooker Highway, Belle Glade	
<b>Palm Beach Gardens Medical Center</b> .....	622-1411
3360 Burns Road, Palm Beach Gardens	

<b>Palms West Hospital</b> .....	798-3300
13001 Southern Boulevard, Loxahatchee	
<b>St. Mary's Medical Center</b> .....	844-6300
901 45th Street, West Palm Beach	
<b>Wellington Regional Medical Center</b> .....	798-8500
10101 Forest Hill Boulevard, Wellington	
<b>West Boca Medical Center</b> .....	488-8000
21644 State Road 7, Boca Raton	
<b>West Palm Beach VA Medical Center</b> .....	422-8262
7305 N. Military Trail, West Palm Beach .....	800-972-8262

## RESOUS POU JWENN AKSÈ

Konte Palm Beach devwe pou li satisfè bezwen aksesibilite ou yo. Si ou gen kesyon espesifik oswa preyokipasyon sou aksè nan piblikasyon sa, nou genyen moun ki fòme ki disponib pou ede ou. Kontakte nou dirèkteman nan 355-2754, voye imèl bay [pbcaccessibility@pbcgov.org](mailto:pbcaccessibility@pbcgov.org) oswa ale sou [pbcgov.com/accessibility](http://pbcgov.com/accessibility).

**Nòt:** Sof kote sa endike, tout nimewo telefòn nan piblikasyon sa a twouve yo nan kòd rejyonal 561.



Vizite sit entènèt Konte Palm Beach la

[pbcgov.com](http://pbcgov.com)

pou lyen dirèk nan:

*Count-e-News (pou lyen dirèk nan) • Depatman konte yo  
Piblikasyon konte yo • Aktyalite nouvèl • Kalandriye Evènman  
Travay • Sèvis sou entènèt • Pwogram Televizyon PBC sou demand  
Chèn televizyon PBC 20 An dirèk • Demann Dosye Piblik  
Rezo sosyal • Bagay pou fè • Opòtinite volontè*



# RETE KONEKTE

KONEKTE AVÈK NOU! #PBCGOV



[pbcgov.com](https://pbcgov.com)



**Konsèy Komisyonè Konte pou  
Konte Palm Beach**

Oktòb 2023

Depatman Zafè Piblik  
Konte Palm Beach  
301 N. Olive Avenue, Suite 1102  
West Palm Beach, 33401  
561-355-2754